LAWOUJÒL

SE PA SÈLMAN TI BOUTON GRATE

Lawoujòl kapab yon maladi danjere, sitou pou ti bebe epi timoun piti.

Pami sentòm lawoujòl, nòmalman kapab genyen:

Gwo lafyèv
(ki kapab depase 104˚F)

Touse

Nen koule

Zye wouj epi/ oubyen kap koule dlo

Eripsyon bouton grate
(ki kòmanse 3-5 jou apre sentòm yo kòmanse)

Lawoujòl kapab yon maladi grav

Lawoujòl kapab lakòz konplikasyon grav pou sante moun, tankou pa egzanp nemoni, sèvo anfle (ansefalit) epi lanmò.

1 sou 5 moun ki pran maladi lawoujòl pral entène nan lopital.

1 sou chak 20 timoun ki pran lawoujòl pral pran nemoni, ki se kòz pi kouran lanmò kòm konsekans lawoujòl lakay timoun piti.

1 sou chak 1,000 moun ki pran lawoujòl pral genyen sèvo yo anfle, ki kapab limenm lakòz domaj nan sèvo.

1 jiska 3 sou 1,000 moun ki pran lawoujòl pral mouri.

Konplikasyon alontèm

Genyen yon maladi ki grav anpil men ki rive raman. Li rele panansefalit sklewozant sibegi ki kapab devlope 7 a 10 lane apre yon moun fin refè apre li gen lawoujòl.

Ou genyen pouvwa pou pwoteje pitit ou.

Fè pitit ou jwenn yon pwoteksyon san danje epi alontèm kont maladi lawoujòl lè ou veye pou li pran vaksen kont woujòl-malmouton-ribeyòl (MMR). Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou.